

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Medar citra diri wanoja, tangtu bakal disanghareupkeun kana pasualan anu bangga. Ari anu jadi sababna, perkara citra wanoja téh bisa disebut dinamis jeung robah. Éta hal téh luyu jeung kamekaran jaman katut pangaweruh. Upamana wanoja mangsa *penjajahan* jeung sabada merdéka boga citra anu béda. Masalahna teu leupas tina pagedrugna antara *penjajah* jeung anu dijajah atawa bisa ogé pagedrug jeung pagalona wacana budaya (pangaweruh), utamana ngeunaan féminisme antara Barat jeung Timur. Conto leutikna, perkara citra wanoja anu geulis, antara mangsa baheula jeung ayeuna, béda. Sakumaha dina sajak *Priangan* beunang Rachmat M. Sas. Karana, anu disebut geulis téh nyaéta lenjang jeung hideung santen. Kiwari mah wanoja anu geulis téh awakna bodas, irung mancung jeung biwirna ipis (Loiksoklay spk., 2024, kc. 33).

Salian ti éta, tangtuna gé pasualan akulturasi budaya anu nyosok ka masarakat Indonésia, teu bisa disingkahan. Malah éta akulturasi téh terus lumangsung sapanjang manusa aya dikieuna, contona anu kiwari nyampak, misalna akulturasi jeung kabudayaan Koréa, anu ahirna ngasilkeun *Kokoréaan*. Teu ukur soal modeu, tapi deuih konsépsi soal wanoja anu geulis (warna kulit, pangambung, atawa dedegan) bisa jadi kudu kawas urang Koréa. Ku kituna konsépsi ngeunaan citra wanoja téh terus mekar ti jaman ka jaman.

Kaayaan kitu téh sacara umum dialaman ku masarakat Indonésia, hususna ku urang Sunda. Bisa baé soal citra wanoja Sunda—henteu waé soal rupa jeung dedeg pangadeg tapi ogé cara mikir, dina alam kiwari boga konsépsi anu anyar, anu béda jeung saméméhna. Éta pamanggih téh, kudu dipaluruh jeung ditalungtik, pangpangna mah kudu nepi ka ngajawab pertanyaan, saperti kumaha citra wanoja Sunda alam kiwari?

Anu dipaluruh dina ieu panalungtikan téh medar citra wanoja dina masarakat Sunda alam kiwari anu nyampak dina karya sastrana. Pangna karya sastra anu dijadikeun panalungtikan téh lantaran, karya sastra téh minangka eunteung

kahirupan masarakat anu diréfléksikeun ku pangarang dina wangun karangan nu sipatna imajinatif. Najan kitu, nu ngarang moal ngaleupaskeun manéh tina ma'na anu rék ditepikeun ka nu maca. Kitu deui soal citra anu nyampak dina diri wanoja, tangtuna baé bakal nyampak jeung kagambar dina karakteristik tokoh wanoja anu aya dina éta karya.

Dina kahirupan sastra Sunda, réa karya anu nyaritakeun soal wanoja, boh anu ditulis langsung ku pangarang wanoja, boh anu ditulis ku pangarang lalaki. Anapon anu jadi pasualanana, naha éta karya téh ngawakilan sora wanoja atawa henteu. Ku sabab kitu, sora wanoja dina karya téh jadi tinimbangan panalungtik enggoning milih karya anu merenah pikeun diulik.

Tinimbangan séjénna, nyaéta perkara waktu jeung mangsa. Karya sastra anu dipilih téh anu nyumpon kana pasaratan ulikan, nyaéta 'citra wanoja jaman ayeuna'. Nilik kana waktu jeung mangsa, karya anu dipilih téh anu kabéhdieunakeun, minimalna karya anu ditarulis taun 1990-an nepi ka 2000-an.

Nilik kana éta hal, kumpulan carpon karya Imas Rohilah anu judulna *Bulan Sésa* dipilih pikeun diulik dina ieu panalungtikan. Carpon-carpon Imas Rohilah téh teu ukur ngagambarkeun kaayaan wanoja sahinasna, tapi leuwih ti éta. Neuleuman haté wanoja anu katiderasa boh sacara ékonomi boh sacara sosial. Lebah dieu baris kapanggih ogé kumaha ragemna citra wanoja anu diwangun ku pangarang, dirina (wanoja), atawa ku tokoh lianna (lalaki).

Dipilihna ieu kumpulan carpon téh dumasar kana sawatara hal di antarana lantaran ieu karya téh ditulis ku wanoja jeung eusi unggal caritana anu réréana ngagambarkeun kahirupan wanoja, upamana dina carpon "Pamajikan Daharna Céplak" anu ngagambarkeun kahirupan wanoja dina nyorang rumah tangga, "Campaka Endog", anu nyaritakeun adi-lanceuk (duanana wanoja), tapi béda nasib dina urusan ngawangun rumah taggana, malah lanceukna mah tacan baé nikah. Atawa dina carpon "Duuuit, Deuleu!". Anu matak ngirut deuih tina ieu kumpulan carpon téh nyaéta pasualan citra wanoja nu digambarkeunana téh geus kapangaruhan alam pikiran anu modern atawa kabéhdieunakeun (taun 1992 nepi ka taun 2005-an).

Pikeun medar pasualan citra wanoja anu nyampak dina carpon-carpon *Bulan Sésa*, diperlukeun pamarekan atawa tiori. Ari tiori anu raket patalina jeung pasualan wanoja nyaéta tiori féminis. Sacara étimologi féminisme téh asal kecap tina *femme* (*woman*), anu hartina téh awéwé nu bajoang marebutkeun hak-hak awéwé séjénna (Ratna, 2015, kc. 184).

Upama nyawang kana wengkuan nu lega, féminis téh boga harti gerakan wanoja pikeun nolak sakabéh hal anu patula-patali jeung kaayaan ngaapilainkeun dirina (wanoja) boh dina widang politik jeung ékonomi, boh dina widang kahirupan sosial masarakat.

Dumasar pamadegan Humm (Isnéndés, 2017, kc. 7) féminis téh minangka idéologi nu ngabébaskeun wanoja. Éta hal téh, miang tina kayakinan yén wanoja téh remen ngalaman kateuadilan lantaran wanda bagana. Nilik kana sawangan sastra féminis téh ulikan anu medar jeung maluruh karya sastra, boh nu patalina jeung prosés produksi (nyipta karya sastra dumasar kana *jenis kelamin*), boh patalina jeung résépsi. Dina paélmuan sosial kontémporér féminisme téh leuwih dipikawanoh minangka gerakan *kesetaraan gender* (Ratna, 2015, kc. 184).

Minangka hiji pamarekan sastra, kritik sastra féminis miboga rupa-rupa kritik nu bisa dipatalikeun jeung sakumna élmu pangaweruh, upamana sajarah, politik, sosiologi, antropologi, jrrd. Diantara rupa-rupa kritik pamarekan féminisme téh di antarana, nyaéta (1) kritik idiologis, ieu kritik téh ngalibetkeun kaum wanoja minangka nu maca, sedengkeun puseur paniténana nyaéta kana citra wanoja dina karya sastra; (2) kritik ginokritik, ieu kritik téh medar kréativitas panulis wanoja tur maluruh bébédaan jeung panulis lalaki; (3) féminisme marxis, ieu kritik téh nalungtik tokoh-tokoh wanoja dina sastra tina puseur sawangan sosialis, nyaéta kelaskelas di masarakat. Ieu kritik ogé nyawang yén kaum wanoja dina karya sastra téh minangka kelas katideresa; (4) féminisme psikoanalitik, ieu kritik téh mosisikeun tulisan wanoja minangka eunteung nu nulisna. Ku lantaran éta, nu nulis téh nyirikeun manéh dina tokoh nu dijieunna, minangka pamungkir atawa pernyataan dirina kana tiori Freud, anu nétélakeun yén wanoja téh sirik kana kakawasaan lalaki (Isnendes, 2010, kc. 112)

Ayesha Nurpujia B, 2025

CITRA WANOJA DINA KUMPULAN CARPON BULAN SÉSA KARYA IMAS ROHILAH (Ulukan Struktural jeung Féminis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salian ti soal citra wanoja, pasualan struktur gé perlu dipaluruh, kayaning téma, fakta carita, jeung sarana carita. Ari anu jadi sabab, lantaran unggal karya sastra téh teu bisa dilésotkeun tina struktur pangwangun carita. Ku ayana pedaran struktur ogé, pikeun ngababarikeun medar pasualan citra wanoja nu nyampak dina éta karya.

Nilik pasualan-pasualan di luhur téh, satuluyna ngahudang kapanasaran panalungtik, pikeun ngulik jeung medar kumaha citra wanoja dina kahirupan masarakat Sunda. Ieu panalungtikan téh teu boga maksud pikeun nyieun wates antara wanoja jeung lalaki dina kahirupan masarakat. Ieu panalungtikan téh éstu pikeun ngahudangkeun, numuwuhkeun, jeung nyebarkeun kasadaran ngeunaan citra wanoja Sunda anu kagambar dina karya sastra.

Nilik kana panalungtikan-panalungtikan saméméhna tétéla tacan aya nu ngulik féminisme dina karya-karya Imas Rohilah. Ari anu ngulik soal citra mah aya, di anantara anu kungsi diulik ku Nurfajriani, T (2018). "Citra jeung Stéréotip Wanoja Sunda dina Novel *Marjanah* Karya S. Djodjopuspito (Kajian Struktural dan Feminisme)". Ieu panalungtikan medar ngeunaan citra jeung stéréotip wanoja dina novel, anu ngawakilan wanoja jaman kolonial. AN Dewinda (2018), judulna "Citra Wanoja dina Lima Carpon Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas X", ieu panalungtikan téh ngeunaan citra psikis wanoja anu aya di lingkungan masarakat, nu bisa dijadikeun bahan ajar pikeun budak SMA kelas X. FAS Amarulloh (2022), judulna "Citra Wanoja dina Kumpulan Carpon *Srikandi Néangan Gawé* Karya Tiktik Rusyani" (ulikan stuktural jeung féminisme), ieu panalungtikan nganalisis ngeunaan isu génder dina sawangan ékonomi-sosial jeung citra sosial wanoja di lingkungan kulawarga jeung masarakat. Indayani, I, & Rahma, E (2023), judulna "Citra Diri Perempuan dalam Kumpulan Cerpen *Malam Terakhir* Karya Leila S. Chudori." Ieu panalungtikan teu jauh béda jeung panalungtikan nu geus disebutkeun diluhur nyaéta ngabahas citra wanoja anu kabagi dua kana aspek fisik jeung psikis. Ahmad, R (2023), judulna "Citra Diri dan Sosial Perempuan dalam Kumpulan Cerpen *Ketika Saatnya dan Kisah-Kisah Lainnya* Karya Darmawati Majid." Sanajan make tiori anu umum nyaéta psikis

jeung fisik, ekonomi-sosial dina masarakat, carpon nu dipaké dina panalungtikanna téh caritana ngirut pisan, nyaritakeun wanoja anu ngalaman kagéloan ku lalaki.

Nilik kana panalungtikan saméméhna, katitén tacan aya anu ngulik carponcarpon Imas Rohilah bari disawang tina jihat struktur jeung féminis. Dumasar kana éta, nu nalungtik méré judul kana ieu panalungtikan téh "Citra Wanoja Sunda dina Kumpulan Carpon *Bulan Sésa* karya Imas Rohilah (Ulukan Struktur jeung Féminis)."

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya;

- 1) Kumaha struktur carita nu nyampak dina kumpulan carpon *Bulan Sésa*?
- 2) Kumaha citra wanoja Sunda nu nyampak dina kumpulan carpon *Bulan Sésa*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan téh bisa ditilik tina dua jihat nyaéta sacara umum jeung sacara husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeun ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh jeung ngaguar aspék struktur jeung citra wanoja Sunda anu nyampak dina kumpulan carpon *Bulan Sésa*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Bulan Sésa*.
- 2) Citra wanoja Sunda dina kumpulan carpon *Bulan Sésa*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh bisa ditilik tina dua jihat nyaéta sacara téoritis jeung sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh utamana ngeunaan citra wanoja Sunda dina carpon *Bulan Sésa*.

1.4.1 Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat téoritis, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- 2) hasil ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra heubeul; jeung
- 3) ieu panalungtikan bisa ngalatih prosés karya ilmiah.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Bulan Sésa* karya Imas Rohilah. Dina ambahan panalungtikan, panalungtikan diarahkeun pikeun ngaguar ngeunaan struktur jeung citra wanoja nu aya dina kumpulan carpon *Bulan Sésa* karya Imas Rohilah.

Dina ieu ambahan panalungtikan ngawengku lima bab. Anapon lima bab éta baris dipedar dihandap ieu:

Bab I bubuka, eusina medar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung Ambahan panalungtikan.

Bab II ulikan tiori, eusina ngawengku tiori carita pondok, féminisme jeung struktural.

Bab III métode panalungtikan, dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV hasil jeung pedaran, medar déskripsi, prak-prakan panalungtikam ngeunaan struktural jeung féminisme dina kumpulan carpon *Bulan Sésa* karya Imas Rohilah

Bab V kacindekan implikasi jeung rékoméndasi, dina ieu bab panalungtik nepikeun kacindekkan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun nu hasilna dipiharep bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.